



Chè fanmi,

Gen yon semèn ki rete pou aplike nan lekòl segondè. Voye aplikasyon lekòl segondè w la ale, epi, si aplikab, tout lòt materyèl ak/oswa enskripsyon LaGuardia w avan **11 mas 2022**. Aplike nan youn nan twa fason sa yo:

- **Sou entènèt nan [MySchools](#)**. Opsyon an disponib 24 èdtan chak jou, sèt jou nan semèn lan. Ou ka aplike sou entènèt nan lang Arab, Bangla, Chinwa, Angle, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Ris, Panyòl, oswa Oudou
- **Atravè konseye lekòl pitit ou a genyen kounye a**. Opsyon sa a disponib pandan jounen lekòl la nan jou ki gen lekòl.
- **Nan yon [Sant byenveni pou fanmi](#)** (Family Welcome Center, FWC)—chèche orè ak adrès yo nan lyen (link) an. Gen entèpretasyon disponib nan telefòn nan plis pase 200 lang.

Sonje, aplike nan 12 pwogram epi site yo nan aplikasyon ou an nan lòd ou pito a, avèk premye chwa w la kòm #1. **Ou gen kesyon?**

- Jwenn plis enfòmasyon epi gade videyo machaswiv MySchools yo nan schools.nyc.gov/High ak schools.nyc.gov/SHS.
- Èske w bezwen sipò avèk MySchools oswa avèk aplikasyon w lan, oswa lòt kesyon sou admisyon? Pale avèk konseye lekòl pitit ou a oswa estaf [Sant Byenveni pou Fanmi](#).

Bon siksè,

Ekip admisyon lekòl segondè a, Biwo enskripsyon elèv (Office of Student Enrollment, OSE)

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl segondè nan schools.nyc.gov/SignUp. **Si w vle retire non w sou** lis pou resevwa mesaj sou admisyon nan lekòl segondè, tanpri klike [la a](#).